

# 13 jiyè

**Nou tout ki la a ansanm ak tout pèp izrayèl la, nou fèt pou nou konn sa : si nonm sa a kanpe la devan tou gaya, se granmèsi Jezi Kris,... se li menm sèl ki bay delivrans.** Travay 4. 10, 12

## **Yon Sali konplè**

Tout relijyon ki pwopoze fidèl li rityèl relijye pou yo sispann toumante e gen lapè ak Bondye, se mansonj. Se flate y ap flate moun yo, lè yo fè yo konnen yo k ap rive sove ak pwòp mwayen yo. Alòske se sèl Bondye ki kapab sove moun. Li pa gen sali lòt kote ke nan Bondye.

Bondye deteste peche se s ak fè li kondane l, men li renmen moun ki fè peche a, li vle rekonsilye avèk li. Paske Bondye jis li pa kapab fèmen je li tou senpleman, sou sa nou fè ki mal yo. Jistis Bondye kondane peche e egzije lanmò moun ki fè peche a. Donk, tout moun dwe mouri paske tout moun fè peche (Women 3. 23; Sòm 49. 8).

Men, Bondye nan lanmou l ba nou yon sovè, Jezi Kris, Pitit li menm. Jezi te pran plas mwen sou bwa kalvè a. Li te pran tout soufrans mwen te merite pou peche m yo. Kolè Bondye te tonbe sou li akòz peche mwen yo. Si mwen kwè nan li, Bondye ap padone peche mwen yo e libere m anba pouvwa peche. L ap fè sa pou mwen gratis ticheri, paske Pitit li an te deja peye dèt peche mwen yo.

*Ou te soufri, o Jezi, sovè, Pitit Bondye, ou te viktim !  
Yon ti kout je w te rive dekouvri pwofondè peche m,  
E gwo soufrans ou sou bwa kalvè a pou yon ti moman,  
Te voye byen lwen nan etènite, pou peche n yo tout chatiman.*

# 13 juillet

**C'est par le nom de Jésus Christ... que cet homme est ici devant vous plein de santé... Et il n'y a de salut en aucun autre.** Actes 4. 10, 12

## **Un salut parfait**

Toute pratique religieuse qui prétend apporter une réponse à la conscience tourmentée et la paix avec Dieu, est illusoire si elle propose à l'individu d'y parvenir par ses propres moyens. Elle ne fait alors que flatter son orgueil en lui faisant croire qu'il est capable de mériter son salut. Or le salut ne peut venir que de Dieu.

Dieu a le péché en horreur et il le condamne, mais il aime le pécheur et il veut le réconcilier avec lui. Parce qu'il est juste, il ne peut pas simplement fermer les yeux sur nos fautes et "passer l'éponge". La justice divine condamne le péché et exige sa juste rétribution. L'homme est coupable, il doit en subir les conséquences puisque personne ne peut donner à Dieu la rançon de ses péchés. La Bible dit qu'il faut qu'il y renonce à jamais (Psaume 49. 8).

Mais Dieu, dans son amour, nous a donné un Sauveur, Jésus Christ, son Fils lui-même. Sur la croix, Jésus a été mon substitut, mon remplaçant. Il a enduré ma peine, payé le prix pour mes fautes. Il a subi la juste colère de Dieu que mes péchés méritaient. Si je le crois, Dieu m'accorde son pardon et me libère. Il me le donne gratuitement car le prix en a déjà été payé.

*Tu souffris, ô Jésus, Sauveur, Agneau, Victime !  
Ton regard infini sonda l'immense abîme,  
Et ton cœur infini, sous ce poids d'un moment,  
Porta l'éternité de notre châtement.*